

Kesyon yo poze souvan sou nouvo chanjman SNAP Iowa yo

1. **Ki sa k ap chanje ak SNAP nan Iowa?** Iowa ap chanje sa yo ka achte ak SNAP nan Iowa. Se sèlman pwodui alimantè ki pa taksab, grenn pou plant ki pwodui manje, ak plant ki pwodui manje ki kalifye pou achte ak SNAP.
2. **Kilè chanjman sa a pral antre an vigè?** 1ye Janvye 2026.
3. **Kisa m ap ka achte apre chanjman an?** Atik alimantè ki pa taksab. Nan Iowa, atik sa yo gen ladan yo, men yo pa limite a, bagay tankou fwi ak legim, vyann, bèt volay ak pwason, pwodui letye, pen ak sereyal, ak lèt pou tibebe.
4. **Kisa mwen p ap ka achte ak SNAP apre chanjman an?** Nan Iowa, bagay sa yo gen ladan yo, men yo pa limite a, bwason ki gen soda ak sik ki gen mwens pase 50% ji fwi oswa legim, ak bagay yo konsidere kòm sirèt oswa ki kouvri ak sirèt.
5. **Poukisa Iowa ap fè chanjman sa a?** Avèk chanjman sa a, benefis SNAP yo pral dirije sou manje ki ankouraje bon nitrisyon, tankou fwi, legim, ak pwoteyin, epi lwen manje tankou soda ak sirèt.
6. **Èske mwen ka mande yon eksepsyon pou règ sa a?** Non. Tout moun nan Iowa dwe swiv règ sa a.
7. **Èske benefis SNAP mansyèl mwen yo ap chanje poutèt sa?** Non. Chanjman sa a pa afekte okenn kritè kalifikasyon SNAP aktyèl oswa montan alokasyon SNAP mansyèl yo.
8. **Èske m ka toujou achte atik ki gen restriksyon yo ak pwòp lajan m?** Wi.
9. **Èske mwen ka toujou itilize kat EBT mwen an ak lòt fòm peman nan menm tranzaksyon an si mwen achte nouvo manje ki anba restriksyon yo?** Wi, ou ka toujou achte nenpòt atik taksab ak lajan ki pa SNAP pandan tranzaksyon an.
10. **Èske sa aplike sèlman pou patisipan Iowa SNAP yo?** Non. Sa a aplike pou nenpòt moun ki achte manje nan Iowa ak benefis SNAP, kèlkeswa eta ki apwouve benefis SNAP yo a.
11. **Èske tout détaillants yo oblije fè chanjman sa a nan manje ki kalifye pou SNAP yo?** Wi. Tout magazen nan Iowa ki aksepte SNAP oblije fè chanjman sa yo.

Vizite <https://hhs.iowa.gov/assistance-programs/food-assistance/snap> pou plis enfòmasyon.